

Pou Piblikasyon Imedya: 14/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE REKÒMANDASYON KOMITE KONSILTATIF SOU LIT KONT TEWORIS NEW YORK LA FÈ YO

Rekòmandasyon yo gen ladan: Amelyorasyon Kowòdinasyon Operasyon Lit Kont Teworis nan Gran Sant Transpò Prensipal yo, Eksplorasyon Itilizasyon Teknoloji Sekirite Modèn yo, Agrandisman Evalyasyon Risk ak Fòmasyon nan Kad Lit Kont Teworis yo, Lit Kont Nouvo Taktik Teworis yo, Deziyasyon yon Konseye Prensipal pou Operasyon Lit Kont Teworis la yo ak Konvokasyon yon Konsèy sou Lit Kont Teworis Onivo tout Eta a

Rapò Komite Konsiltatif sou Lit Kont Teworis la Disponib [La](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse komite konsiltatif espèsyalis sou lit kont teworis ke li te angaje a te fè konnen rekòmandasyon yo bay pou ranfòse eta preparasyon New York nan kad lit kont teworis y ap mennen an. Komite a gen ladan Prezidan Kenneth L. Wainstein, ki se yon asosye nan kabinè Davis Polk & Wardwell la epi li se ansyen Konseye sou Sekirite Enteryè pou Prezidan George W. Bush; Raymond W. Kelly, ki se ansyen Komisè Lapolis Vil New York la; ak Lisa O. Monaco, ki se ansyen Konseye sou Sekirite Enteryè pou Prezidan Barack Obama.

“Menm jan nou te wè ament repriz, teworis se yon menas pèpetyèl, epi nou pral fè tout sa nou kapab pou nou ede asire ke nou pwoteje Nouyòkè yo kont kèlkeswa sa ekstremis yo eseye voye sou chemen nou”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pou nou ka kontinye konbat evolisyon menas konplèks sa a ke New York ap kontinye konfwonte a, nou pral pran mezi konkrèt pou nou aplike rekòmandasyon espesyalis nasyonal nan toude pati nou yo te fè yo.”

Komite a te mennen yon evalyasyon preliminè sou resous, politik, ak dispozitif sekirite New York genyen disponib pou mennen lit kont teworis la. Rapò yo a felisite New York pou efò y ap fè nan kad lit kont teworis la epi yo rekòmande pou yo fè kèk amelyorasyon toujou, ki gen ladan ogmantasyon kowòdinasyon pami ajans ak otorite anti teworis eta a yo; ranfòsman sekirite nan ayewopò yo, sou pon yo, nan tinèl yo, nan espas rasanbleman an mas yo, ak nan lòt gran resous ki genyen toupatou atravè eta a yo; epi mete plis restriksyon pou yo ka plis limite aksè a sètèn zam mètreyè. Komite a sigjere tou pou yo deziyen yon nouvo Konseye Prensipal pou Operasyon Lit Kont Teworis la yo epi kreye yon Konsèy sou Lit Kont Teworis Onivo tout Eta a k ap genyen ladan Komisè apwopriye yo.

Amelyorasyon Kowòdinasyon nan Penn Station ak nan Lòt Gran Sant Transpò Prensipal yo

Sant transpò yo rete youn nan sib ki pi atreyan pou atak teworis yo akòz de grand kantite moun k ap frekante yo. Kidonk, komite a rekòmande mezi pou yo pran pou yo pi byen ranfòse sekirite ak eta preparasyon nan Penn Station ak nan lòt sant transpò yo ki gen ladan Ayewopò John F. Kennedy a ak Ayewopò LaGuardia a. Pami rekòmandasyon yo te fè yo, komite a mande pou yo tabli yon sant kòmand modèn depwent nan Penn Station ak nan lòt sant transpò yo pou asire ke lidè fòs lapolis yo ka kominike youn ak lòt nan yon lokalite ki santralize epi yo ka jwenn aksè a menm enfòmasyon yo nan tan reyèl avan, pandan ak aprè yon kriz.

Eksplorasyon Amelyorasyon Teknolojik nan Pwopriete Eta a yo

Li enpòtan anpil pou ajans Eta a yo jwenn aksè a, epi itilize teknoloji modèn depwent yo pou yo pwoteje popilasyon an lè yo nan sant transpò komen yo ak nan lòt lokalite yo. Komite a rekòmande pou Eta revize itilizasyon ak efikasite nouvo teknoloji sekirite yo fenk genyen yo ak sa yo te genyen deja yo, ki gen ladan kamera pèfeksyon yo; detektè eksplozif ak matyè danjre yo; dwòn; ak robo deminaj yo, ansanm ak modènizasyon ak acha teknoloji adisyonèl pou yo asire yon nivo pwoteksyon maksimòm. Anplis de sa a, komite a rekòmande pou Eta investi nan glisyè sekirite ak bòn pòtab yo pou anpeche moun itilize machin pou raboure foul moun pandan evènman anplennè ak evènman rasanbleman an mas yo.

Agrandisman Fòmasyon ak Evalyasyon Risk pou Operasyon Lit Kont Teworis yo

Kont teni de atak ki te fèt resaman nan evènman a grand echèl yo tankou atak nan konsè anplennè yo, komite a te rekòmande pou yo travay ak otorite fòs lapolis federal, eta ak lokal yo pou yo evalye sit sa yo toupatou atravè Eta a epi pran mezi pou yo ogmante sekirite. Nan kad efò sa a, komite a rekòmande pou Eta a ranfòse pwogram antiteworis yo genyen deja yo tankou evalyasyon risk yo, fòmasyon pou fòs lapolis yo, ak egzèsis “ekip wouj” ki konsantre sou gran evènman rasanbleman an mas yo.

Lit Kont Nouvo Taktik Teworis yo

Komite a rekòmande plizyè mezi pou amelyore defans antiteworis yo ki gendwa mande pou yo pwomilge lejislasyon, ki gen ladan fèmen yon fay pou yo ka entèdi posesyon ak vant ‘bump stock’ yo, kriminalize militarizasyon dwòn yo, reglemante eksplozif binè yo, ak mezi pou yo dekouraje teworis yo lwe kamyon pou yo itilize nan atak kote yo raboure foul moun ak machin yo.

Deziyasyon yon Konseye Prensipal pou Operasyon Lit Kont Teworis yo pou Amelyore Kowòdinasyon Onivo Tout Eta a

Komite a te idantifye amelyorasyon nan kowòdinasyon operasyon lit kont teworis onivo tout eta a yo kòm yon priyorite enpòtan. Nan kad objektif sa a, komite a rekòmande pou Gouvènè a deziyen yon Konseye Prensipal pou Operasyon Lit Kont Teworis yo pou sipèvize yon nouvo Konsèy sou Lit Kont Teworis k ap reyini plizyè ajans Onivo Tout Eta a. Konsèy la pral gen ladan dirijan ajans ak otorite kle yo (oswa moun yo deziyen yo), ki gen ladan:

- Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la
- Komisè Lapolis Eta New York la (New York State Police)
- Adjidan-Jeneral New York la, nan Divizyon Zafè Militè ak Lamarin Eta New York la (New York State Division of Military and Naval Affairs)

- Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè New York ak New Jersey a (Port Authority of New York and New Jersey)
- Prezidan, Otorite Transpò Metwopoliten an (Metropolitan Transportation Authority)
- Komisè Depatman Transpò Eta New York la (New York State Department of Transportation)
- Direktè Egzekitif Otorite Thruway Eta New York la (New York State Thruway Authority)

Kenneth L. Wainstein, ki se yon asosye nan kabinè Davis Polk & Wardwell la ak ansyen Konseye sou Sekirite Enteryè pou Prezidan George W. Bush, te deklare, “Nan peryòd difisil jounen jodi a yo, sekirite piblik dwe premye priyorite pou gouvènman an. Mwen felisite Gouvènè a pou konsantrasyon fèm li mete sou pwoteksyon Nouyòkè yo epi mwen felisite kominote fòs lapolis New York la pou devouman yo montre anvè misyon antiteworis la ak kowoperasyon inestimab yo te bay nan kad travay komite nou an. New York te tabli tèt li kòm yon lidè nan zafè eta preparasyon depi byen lontan, men yo toujou ap eseye amelyore defans antiteworis yo pou yo fè fas a menas san sès sa a. Mwen kwè ke rekòmandasyon nou yo pral ede eta a fè egzakteman sa a”.

Raymond W. Kelly, ansyen Komisè Lapolis Vil New York la te deklare, “Chak jou, peyi nou an ap konfwonte menas san sès moun k ap chache fè nou mal yo ap fè. Li vrèman enpòtan anpil pou nou toujou ap adapte mezi sekirite nou yo pou nou ka rete byen prepare. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou devouman l anvè sekirite piblik, epi paske l ap travay avèk nou pou nou asire pwoteksyon Nouyòkè yo”.

Lisa O. Monaco, ansyen Konseye sou Sekirite Enteryè pou Prezidan Barack Obama, te deklare, “Fas a evènman resan yo, li vin enperatif pou peyi nou an byen prepare pou nou ka konbat nenpòt menas nou ka konfwonte. Anviwònman nou an ap kontinye evolye, epi eta yo dwe an mezi pou yo adapte ak agrandi mezi sekirite yo. Gouvènè Cuomo ak administrasyon li an te fè yon travay enpresyonan pou yo asire sekirite New York nan yon fason apwopriye, epi li dwe sèvi kòm yon modèl pou rès nasyon an”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)